



REZIME KI GEN POU WÈ AK ÈD FINANSYE

Nyack Hospital rekonèt gendelè pasyan ki bezwen swen yo ap gen difikilte pou peye pou sèvis yo resevwa yo. Nou kapab ede ou aplike pou asirans gratis oswa ki pa koute chè si ou kalifye. Answit, Nyack Hospital will ap ofri rabè Èd Finansye pou moun ki kalifye dapre revni yo ak kantite moun ki nan fanmi yo. Finalman, n ap negosye yon plan peman an vèsman k ap konsidere balans ou dwe a ak mwayen pasyan an pou peye. Pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa Èd Finansye sa yo, ou kapab mande pou wè yon Konseye Finansye nan Lopital la, oswa ou kapab rele nimewo 845-348-2316 pou jwenn èd ki gratis ak konfidansyèl. Ou kapab resevwa yon aplikasyon gratis pa lapòs oswa ou kapab telechaje fòm nan sou sitwèb www.nyackhospital.org

KESYON MOUN POZE SOUVAN KONSÈNAN ÈD FINANSYE

Kimoun ki kalifye pou resevwa yon rabè?

Gen èd finansye ki disponib pou pasyan ki pa touche ase lajan oswa ki pa gen asirans sante. Lopital la ap bay èd finansye tou, tankou aranjman pou fè peman, sou demann, pou pasyan ki kalifye yo epi ki gen pwoteksyon asirans men ki pa gen yon depans avèk lajan pòch yo pa gen mwayen pou fè oswa yo kwè yo gen yon difikilte. N ap detèmine nenpòt alokasyon èd finansye sou yon baz ka-pa-ka, lè ou ranpli yon fòm Aplikasyon pou Èd Finansye ak lè ou prezante dokiman ki obligatwa yo.

Nou pa kapab ba ou refi pou swen pou sèvis akòz ijans oswa pou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal paske ou bezwen èd finansye.

Ou ka aplike pou jwenn yon rabè kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou.

Ki sèvis ki garanti?

Tout moun k ap viv nan Eta New York epi ki bezwen sèvis annijans kapab resevwa laswenyaj nan Lopital la epitou yo kapab kalifye pou yon rabè si yo satisfè sèten limit revni epitou si Lopital la detèmine yo kalifye. Tout moun k ap viv nan konte Rockland, Westchester, Orange ak Putnam counties kapab kalifye pou yon rabè sou sèvis ki pa twò ijan epi ki nesèsè pou rezon medikal (paske tèm sa a defini nan Règleman Lopital la pou Èd Finansye) si yo satisfè sèten limit revni epitou si Lopital la detèmine yo kalifye. Sa gen ladan sèvis pasyan ki pa entène ak admisyon lopital la bay pou pasyan ki entène.

Kisa limit revni yo ye?

Kantite lajan rabè a pa menm selon revni ou ak kantite moun ki nan fanmi ou, men rabè yo disponib pou moun ki aplike epi ki gen revni yo ki apeprè 400% Gid Federal Povrete.

Kisa pou mwen fè si mwen pa satisfè limit revni yo?

Si ou pa kalifye pou èd finansye paske ou pa satisfè limit revni yo, Nyack Hospital ka ofri plan peman pi long pou moun ki aplike yo. Peman pa mwa pou plan peman long yo p ap depase dis pousan revni pa mwa ou.

Kisa mwen bezwen pou mwen aplike pou yon rabè?

Men kèk nan prèv revni ki akseptab:

- Souch peman/Lèt verifikasyon travay
- Etadkont avantaj chomaj
- Lèt Rekonpans Sekirite Sosyal/Pansyon
- Pansyon alimantè/Sipò pou Timoun
- Lèt sipò
- Lèt atestasyon pèsònèl (nan sikonstans apwopriye)

Ki chanjman ki pa konsène nan Règleman pou Èd Finansye?

Bòdwo ak frè pou anbilans doktè prive ki bay sèvis nan lopital la pa konsène anba pwogram sa a. Ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante sa yo si yo ofri yon rabè oswa yon plan peman.

Kijan pou mwen resevwa rabè a?

Ou dwe ranpli fòm aplikasyon pou Èd Finansye a epitou ou dwe bay prèv revni fanmi ou. Imedyatman nou jwenn prèv ou, nou kapab travay sou aplikasyon ou pou yon rabè selon nivo revni ou. Nou p ap konsidere aplikasyon ki pa konplè yo, men n ap fè moun ki aplike yo konnen epitou n ap bay yo yon okazyon pou yo prezante dokiman/ enfòmasyon ki manke yo. Ou kapab aplike pou yon rabè anvan ou pran yon randevou, lè ou vini nan Nyack Hospital pou resevwa swen, oswa lè lapòs pote bòdwo a pou ou.

Voye fòm ou ranpli a nan adrès Nyack Hospital, Financial Counselling Department, 160 Midland Avenue, Nyack, NY 10960, oswa ou kapab jwenn èd nan Lopital la nan youn nan men Konseye Finansye nou yo. Konseye Finansye a kapab di ou si w kalifye pou asirans gratis oswa pou asirans ki pa chè tankou Medicaid, Child Health Plus ak Family Health Plus. Si Konseye Finansye a jwenn ou pa kalifye pou asirans sante gratis oswa ki pa chè, l ap ede ou aplike pou jwenn yon rabè. Konseye Finansye a ap ede ou ranpli tout fòm yo epi l ap fè ou konnen ki dokiman ou dwe prezante.

Kijan m ap konnen si yo te apwouve mwen pou rabè a?

Nyack Hospital ap voye yon lèt ba ou nan 30 jou apre ou prezante yon aplikasyon ki ranpli ak dokiman ki obligatwa yo. Nan lèt sa a, Lopital la ap fè ou konnen si nou apwouve ou ak nivo rabè w ap resevwa a.

Kisa pou mwen fè si mwen resevwa yon bòdwo pandan m ap tann pou konnen si mwen ka jwenn yon rabè?

Lè ou prezante yon aplikasyon ki ranpli ak dokiman ki obligatwa yo, ou pa bezwen fè anyen avèk nenpòt bòdwo ou resevwa nan Nyack Hospital jouk lè nou pran yon desizyon sou aplikasyon ou. Nou pa kapab egzije ou pou peye yon bòdwo Lopital la pandan nou konsidere aplikasyon ou pou yon rabè. Si nou ba ou refi pou aplikasyon ou, nou gen obligasyon pou fè ou konnen sa alekri epitou nou dwe ba ou yon fason pou konteste desizyon sa a nan yon nivo ki pi wo nan lopital la.

Kisa pou mwen fè si mwen gen yon pwoblèm epi si mwen pa kapab rezoud li avèk Lopital la?

Ou kapab rele liy dirèk Depatman Sante Eta New York pou fè plent nan nimewo dirèk 1-800-804-5447.